

RESOUS POU KRIPTO-MONNEN (LAJAN ELEKTWONIK)

DEPATMAN SÈVIS FINANSYE FLORIDA
Divizyon Sèvis Konsomatè

Biwo Pwoteksyon Finansyè Konsomatè

Pote plent kont pwodwi finansye oswa sèvis nan
www.consumerfinance.gov/complaint

Konsèy pou Konsomatè sou Kripto-Monnen Biwo Pwoteksyon Finansyè Konsomatè a

Bay enfòmasyon sou risk ki genyen ak monnen
(lajan) vityèl yo epi li bay konsèy ak enfòmasyon
pou konsomatè yo.

https://files.consumerfinance.gov/f/201408_cfpb_consumer-advisory_virtual-currencies.pdf

Komisyon Etazini Konsènan Reglemantasyon Mache a (U.S. Commodities Futures Trading Commission)

Enfòmasyon ak resous sou Bitcoin ak lòt lajan
vityèl www.cftc.gov/bitcoin

Komisyon Ameriken pou Tit ak Bous (U.S. Securities and Exchange Commission)

Enfòmasyon ak resous pou investisè konsènan
kripto-monnen.

<https://www.investor.gov/howeycoins>

Asosyasyon Administratè po Pwoteje tit Amerik Dinò (North American Securities Administrators Association)

Konsèy Investisè konsènan premye òf pyès
(initial coin offerings, ICOs) <http://www.nasaa.org/44836/informed-investor-advisory-initial-coin-offerings/>



www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers

MAS 2019

KRIPTO-MONNEN (LAJAN ELEKTWONIK)

Kisa li ye epi kijan li
fonksyone

KI SA KI KRIPTO-MONNEN YE?

Kripto-monnen se lajan elektwonik ki pa gen okenn gouvènman oswa bank santral ki garanti yo. Kripto-monnen se sèlman sou fòm dijital li ye epi li pa gen okenn fòm tankou yon biyè yon dola oswa pyès monnen. Bitcoin se fòm kripto-monnen pifò konsomatè konnen.

KIJAN LI MACHE?

Kripto-monnen se yon fichye dijital ki sekirize ak yon pwosesis chifraj de (2) etap. Chifraj sa a bezwen de (2) kòd ki gen 64 chif ak lèt ki mache ansanm tankou yon kle pou debloke yon kripto-monnen. Pou itilize nenpòt kantite kripto-monnen, pwopriyetè a dwe mete toude kòd sa yo, ki rele kle.

Kle Piblik - Yo itilize yon kòd ki gen 64 chif ak lèt pou reprezante yon kantite kripto-monnen espesifik, menm jan ak yon nimewo seri. Kle piblik la ap make sou tout tranzaksyon kripto-monnen an.

Kle Prive - Yo itilize yon kòd ki gen 64 chif ak lèt ak yon kle piblik ki kowòdone pou debloke tout kripto-monnen pou itilize yo. Pwopriyetè a dwe kenbe kòd sa a sekrè epi pa janm pataje piblikman.

Si pwopriyetè a pèdi kle prive a, li ap pèdi tout aksè nan lajan an epi yo p ap janm ka itilize kripto-monnen an. Pa gen okenn konpayi oswa ajans gouvènman ki ka ranbouse lajan kripto-monnen an. Menmsi anpil magazen ak detayan sou entènèt aksepte kripto-monnen, yo pa konsidere li yon lajan legal epi lalwa pa egzije okenn moun pou respekte li. Yo konsidere kripto-monnen yo kòm machandiz selon Lwa Echanj Machandiz la (Commodity Exchange Act) epi Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service) mete taks sou kripto-monnen kòm yon byen.

Valè kripto-monnen toujou ap monte-desann. Rezon yo panse kripto-monnen gen valè se paske anpil nan moun ki itilize li yo kwè li gen valè epi li baze sou òf ak demann ki varye sou enfòmasyon ki sikile nan bouch moun.

RISK

Gen plizyè risk ki asosye ak kripto-monnen konsomatè yo ta dwe konnen avan yo achte li.

Pirat Enfòmatrik



Lè ou gen kripto-monnen, sa mete ou nan plis risk pou pirat enfòmatrik sible ou. Pirat enfòmatrik yo ka antre sou sistèm sekirite avanse pou jwenn aksè nan enfòmasyon ki baze nan dosye dosye kripto-monnen piblik la. Pirat enfòmatrik ka jwenn adrès IP, oswa pozisyon òdinatè fizik, ki asosye ak tranzaksyon kripto-monnen. Nenpòt òdinatè ki estoke kle prive se yon sib pou pirat enfòmatrik.

Mwens Pwoteksyon Jiridik



Gouvènman an pa asire kont kripto-monnen. Kòporasyon Asirans Depo Federal (Federal Deposit Insurance Corporation, FDIC) oswa Fon Asirans Kès Kredi Nasyonal la (National Credit Union Share Insurance Fund) pwoteje sèten konsomatè si bank oswa kès popilè yo fè fayit. Sepandan, se pa pou tout kont kripto-monnen. Si yon konpayi echanj kripto-monnen fè fayit, gouvènman an pa pral kouvri pèt ou yo.

Magouy



Gen magouyè k ap kreye fo opòtinite pou pwofite sou konsomatè nan mache kripto-monnen an. Anpil nan anakè sa yo ankouraje konsomatè yo envesti nan yon pyès kripto-monnen tou nèf nan yon Premye Òf Pyès Monnen epi konsomatè yo dekouvri pita pyès kripto-monnen an pa egziste vre.

Si ou gen yon pwoblèm ak yon monnen vityèl oswa yon konpayi monnen vityèl, depoze yon plent ak Biwo Pwoteksyon Finansyèl Konsomatè a nan

www.consumerfinance.gov/complaint.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kripto-monnen, ale sou paj Pwoteksyon Konsomatè Depatman Sèvis Finans Florida a:

www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers/Cryptocurrency.